



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE L AP ENKLI NOUVO AKÒ EKOLOJIK LA NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE 2019 LA**

*Ajanda Lidè nan Nasyon an k ap Pwomouvwa Enèji Pwòp ak Djòb Ekolojik la ap Mete New York sou Wout Anvè Netralite Kabòn*

*L ap Egzije 100 Pousan Enèji Pwòp Apati 2040 epi l ap Pwomilge Nouvo Konsèy sou Aksyon Klimatik la vin Lwa pou yo Devlope yon Plan Daksyon pou Fè New York Atenn yon Bilan Kabòn Net*

*L ap Asire yon Tranzisyon Jis Anvè Itilizasyon Enèji Pwòp - Sa k ap Estimile Kwasans Ekonomi Ekolojik la epi Priorize Nouyòkè ki gen Revni Fèb ak Modere yo*

*L ap Investi 1.5 Milya Dola nan 20 Pwojè Enèji Renouvlab Agrand Echèl nan Rejyon Nò Eta a ak jiska 200 Milyon Dola nan Enfrastrikti Pòtyè yo pou Fè New York Vin Sant Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt Nasyon an*

*L ap Agrandi Rekò Gouvènè a sou plan Anviwònmantal, ki gen ladan Entèdiksyon Fraktirasyon Idwolik, Mete Fen nan Eksplwatasyon Enèji Chabon, Envestisman San Presedan nan Enèji Renouvlab yo ak Etablisman Alyans Klimatik Amerikèn lan*

*W ap jwenn videyo kote Gouvènè Cuomo t ap fè anons Pwopozisyon an [La](#)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke l ap enkli nan Bidjè Egzekitif Ane 2019 la, Nouvo Akò Ekolojik la (Green New Deal), ki se yon ajanda lidè nan nasyon an k ap pwomouvwa enèji pwòp ak djòb ekolojik ki pral fè pran mezi agresiv pou mete Eta New York sou wout anvè netralite kabòn onivo tout ekonomi an nèt. Plan monimantal sa a ap ofri yon tranzisyon jis anvè enèji pwòp k ap estimile ekonomi ekolojik la epi priorize bezwen Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere yo. Videyo kote Gouvènè a ap fè anons lan disponib sou YouTube [isit la](#) epi nan fòm kalite Televizyon (h. 264, mp4) [isit la](#).

“Chanjman klimatik se yon reyalite, epi konsekans reta nou pran pou nou aji yo se yon kesyon ant lavi ou lanmò. Nou konnen kisa nou dwe fè. Kounye a nou bezwen gen vizyon, kouraj, ak konpetans pou nou fè sa nou gen pou nou fè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan gouvènman federal la pa wont pou yo inyore reyalite chanjman klimatik yo epi yo pa reyisi pran mezi enpòtan yo dwe pran yo, nou ap lanse tou premye Nouvo Akò Ekolojik ki gen nan nasyon an pou nou sezi potansyèl ekonomi enèji pwòp yo genyen, tabli objektif ki pi anbisyè ki gen nan nasyon an pou nou gen enèji san kabòn, epi finalman elimine anprent kabòn nou nèt.”

Pandan de premye manda Gouvènè Cuomo a yo, New York te entèdi fraktirasyon idwolik pou eksplwatasyon gaz natirèl yo, li te pran angajman pou l elimine enèji chabon pwogresivman apati 2020, li te egzije 50 pousan enèji renouvlab apati 2030, epi li te tabli Alyans Klimatik Amerikèn lan (U.S. Climate Alliance) pou nou te ka respekte Akò Pari a (Paris Agreement). Nan kad ajanda Refòme Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV), New York te òganize pi gran acha enèji renouvlab ki gen nan istwa Etazini, yo te ogmante itilizasyon enèji solè prèske 1,500 pousan, epi eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo prè pou yo transfòme apwovizyonman kouran Eta a pou l vin pi pwòp ak pi dirab. Atravè Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a, New York pral pran pwòchèn mezi anbisyè pou yo sekirize yon avni enèji pwòp k ap pwoteje anviwònman an pou anpil jenerasyon k ap vini ankò pandan y ap devlope ekonomi enèji pwòp la anmenm tan.

### **100 Pousan Enèji Pwòp Apati 2040 Melanje Ansanm ak Nouvo Egzijans Enèji Renouvlab Lidè nan Nasyon an yo**

Nouvo Akò Ekolojik la pral egzije dapre lalwa pou New York itilize enèji ki 100 pousan san kabòn apati 2040, ki se objektif ki pi agresif nan Etazini epi ki gen delè senk an avan yon sib eta California te adopte resaman. Pilye nouvo egzijans sa a baze sou yon ogmantasyon konsiderab y ap fè nan egzijans inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) reyisi New York la ki pase de 50 pousan a 70 pousan enèji elektrik renouvlab apati 2030. Ogmantasyon enèji renouvlab global sa a pral gen ladan:

- Kwadruple sib enèji ewolyèn olaj zòn kòt New York la rive 9,000 megawat apati 2035, ki se yon ogmantasyon sou objektif 2,400 megawat apati 2030 yo te genyen an
- Double deplwaman distribisyon enèji solè a rive 6,000 megawat apati 2025, ki se yon ogmantasyon sou objektif 3,000 megawat apati 2023 yo te genyen an
- Plis pase double nouvo resous ewolyèn ak solè agrand echèl tèrès yo atravè inisyativ Estanda Enèji Pwòp la
- Maksimize kontribisyon ak potansyèl resous enèji renouvlab New York genyen deja yo
- Deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030, ki se yon ogmantasyon sou objektif 1,500 megawat apati 2025 yo te genyen an

### **Devlope yon Plan Egzekisyon pou Fè New York Atenn yon Bilan Kabòn Net**

Nouvo Akò Ekolojik la pral kreye premye Konsèy sou Aksyon Klimatik (Climate Action Council) lalwa tabli nan Eta a, k ap gen ladan chèf ajans Eta ki apwopriye yo ak lòt manm mendèv, jistis anviwònman, ak espesyalis nan zafè enèji pwòp la yo pou yo devlope yon plan global pou fè New York atenn yon bilan kabòn net lè yo redwi degajman gaz apati de tout sous prensipal yo nan yon fason konsiderab ak rantab, ki gen ladan sous kouran, transpò, bilding, endistri, aktivite komèsyal, ak agrikilti yo. Konsèy sou Aksyon Klimatik la pral konsidere yon bann seri opsyon posib, ki gen ladan fezablite pou yo travay dekonsè ak Alyans Klimatik Amerikèn lan pou yo kreye yon nouvo pwogram pou rediksyon degajman gaz y ap fòme ant plizyè eta k ap kouvri tout sektè ekonomi an yo nèt, ki gen ladan, transpò ak endistri yo, epi k ap eksplòre fason pou yo rantabilize Inisyativ reyisi Gaz a Efè Sè Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas

Initiative), pou ankouraje yo fè investisman tranfòmasyonèl nan ekonomi enèji pwòp la epi sipòte yon tranzisyon ki jis.

Nouvo Akò Ekolojik la pral gen ladan tou, yon estrateji anbisyè pou vanse ansanm batiman New York la yo pou yo atenn netralite kabòn. Ajanda a gen ladan:

- Fè vanse chanjman lejislatif yo pou ranfòse kòd enèji bilding yo epi tablè estanda efikasite pou aparèy elektwonenaje yo
- Bay ajans Eta yo lòd pou yo asire ke etablisman yo respekte estanda efikasite ak dirabilite enèjetik ki pi solid yo
- Devlope yon Plan Daksyon Net Zewo (Net Zero Roadmap) pou trase yon pakou anvè netralite kabòn nan bilding toupatou atravè eta a yo

### **Yon Investisman Miltimilya Dola Nouvo Akò Ekolojik la ap fè nan Ekonomi Teknoloji Pwòp la ki pral Redwi Degajman Gaz a Efè Sèr yo**

Pou l demontre angajman imedya New York pran anvè reyalizasyon ajanda enèji pwòp ki pi anbisyè ki gen nan nasyon epi pou kreye bon jan kalite djòb nan sektè enèji pwòp la, Gouvènè Cuomo ap anonse 1.5 milya dola sou fòm [prim sibvansyon konpetitif](#) pou sipòte 20 pwojè enèji solè, enèji ewolyèn ak estokaj enèji agrand echèl toupatou atravè rejyon nò New York la. Investisman sa yo pral ajoute plis pase 1,650 megawat nan kapasite epi y ap jenere plis pase 3,800,000 megawat-lè enèji renouvlab chak ane - sa ki ase pou alimante prèske 550,000 kay epi kreye plis pase 2,600 djòb akoutèm ak alontèm. Melanje ak pwojè enèji renouvlab yo te anonse deja nan kad inisyativ Estanda Enèji Pwòp la yo, kounye a New York te deja akòde plis pase 2.9 milya dola pou finanse 46 pwojè toupatou atravè eta a, sa ki ase pou alimante plis pase yon milyon fwaye.

Nouvo Akò Ekolojik la ap gen ladan tou nouvo investisman pou relanse endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt New York la epi sipòte sib lidè nan nasyon an pou Eta rive pwodwi 9,000 megawat apati 2035. New York pral investi jiska 200 milyon dola nan enfrastrikti pòtyè yo pou koresponn a investisman sektè prive a ap fè nan devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo onivo rejyonal. Investisman sa a k ap fèt nan plizyè lokalite a reprezante pi gran angajman enfrastrikti nan nasyon an anvè eksplwatasyon enèji ewolyèn epi l ap ranfòse pozisyon New York kòm sant kote endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt Etazini an ap boujonnen.

Nouvo investisman sa a yo ap ajoute sou yon angajman 250 milyon dola Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NPYA) te pran anvè enfrastrikti veyikil elektrik yo atravè Pwogram EVolve yo a, 3.5 milya dola nan investisman prive k ap fèt nan distribisyon enèji solè atravè pwogram NY-Sun Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) a, ak tranzaksyon NY Green Bank yo k ap mobilize prèske 1.75 milya dola nan kapital prive pou finanse pwojè enèji pwòp yo.

### **Yon Tranzisyon Jis Anvè Yon Ekonomi Enèji Pwòp**

**Pote Jistis sou Plan Klimatik pou Kominote Defavorize yo** Nouvo Akò Ekolojik la pral ede kominote ki istorikman defavorize yo prepare pou yon avni enèji pwòp epi ede yo adapte yo pou chanjman klimatik yo lè yo:

- Bay kominote yo yon chèz bò tab la atravè kodifikasyon Gwoup Travay sou Jistis Anviwònman ak Tranzisyon Jis la (Environmental Justice and Just Transition Working Group) pou l vin lwa epi entegre l nan pwosesis planifikasyon nan kad egzekisyon Nouvo Akò Ekolojik la.
- Bay gwoup travay sou enèji nan kominote ki gen revni fèb Eta a yo lòd pou yo idantifye refòm pou yo ka atenn pi gran enpak nan fon piblik y ap agrandi chak ane yo pou yo ka ogmante efè fon yo ak inisyativ ki sible fason pou rann enèji abòdab pou kominote defavorize yo.
- Bay chak nan dis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Eta a yo (Regional Economic Development Councils, REDCs) lòd pou yo devlope yon estrateji jistis anviwònman pou rejyon yo a.

**Finanse yon Fon Konpansasyon pou Enpo Fonsye pou ede Kominote yo fè Tranzisyon anèkonomi Enèji Pwòp:** Gouvènè Cuomo ap entwodwi lejislasyon pou finanse Fon Konpansasyon pou Enpo Fonsye (Property Tax Compensation Fund) 70 milyon dola Eta a pou yo kontinye ede kominote ke tranzisyon soti nan endistri enèji sal, demode yo pou ale anèkonomi enèji pwòp la afekte dirèkteman yo. Espesifikman, finansman sa a pral pwoteje kominote kote fèmti izin elektrik konvansyonèl yo afekte yo.

**Pwoteje Dwa Travay yo:** Pou asire kreyasyon bon jan kalite djòb nan sektè enèji pwòp la, pwojè enèji renouvlab agrand echèl Nouvo Akò Ekolojik la finanse yo pral egzije yo peye salè ki anvigè a, epi ap gen yon egzijans Konvansyon Travay Pwojè (Project Labor Agreement) pou sipòte pwojè eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt Eta a yo.

**Devlope Mendèv Teknoloji Pwòp la:** Pou yo prepare mendèv New York la pou tranzisyon sa a, Eta New York pral pran nouvel mezi pou yo sipòte devlopman mendèv la, ki gen ladan etablisman yon Konsèy Konsiltatif sou Ekonomi Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt ak Devlopman Mendèv (Advisory Council on Offshore Wind Economic and Workforce Development) nan Eta New York la, pandan y ap investi an menm tan nan yon sant fòmasyon sou enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo ki pral ofri Nouyòkè yo konpetans ak fòmasyon an sekirite ki nesèsè pou yo konstwi teknoloji enèji pwòp sa a nan New York.

**Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou New York, te deklare,** “Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a pral fè vanse Eta New York la pi lwen anèkonomi enèji pwòp la, epi nou pap kite Administrasyon Trump lan fè nou tounen dèyè. Nouvo angajman Gouvènè Cuomo pran yo ap asire New York rete lidè enkonteste nan zafè enèji pwòp ak klima onivo nasyonal, epi nou pral kontinye konstwi sou fondasyon ajanda REV la deja poze yo pou nou atenn yon ekonomi dirab ak yon anviwònman sen pou anpil jenerasyon Nouyòkè k ap vini ankò”.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** “Syantifik klimatològ yo te rann li efwayabman klè ke l ap mande pou nou pran mezi anbisye pou nou ka evite pi move efè chanjman klimatik yo, se pa pou n fè tipa tipa, epi Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a vigourezman ale kote pèsòn lòt moun pa te janm ale avan. Ajanda detèmine li genyen sou klima gen ladan sib enèji pwòp ki pi agresif nan istwa Etazini, pi gran angajman anèkonomi enèji renouvlab ak anèkonomi eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt ki gen nan nasyon an, yon mobilizasyon masiv pou djòb nan sektè enèji pwòp la ak yon investisman san presedan y ap fè nan

enfrastrikti pòtyè enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo. Ansanm, mezi sa yo fè New York vin lidè enkonteste nan lit kont efè chanjman klimatik yo, epi yo pral montre rès mond lan ke New York kapab epi li pral atenn yon avni enèji pwòp nan enterè jenerasyon k ap vini yo”.

**Komisè DEC Basil Seggos te deklare**, “Menas chanjman klimatik yo mande pou nou pran mezi anbisye menm jan ak ajanda global Gouvènè Cuomo genyen pou fè New York atenn yon bilan kabòn net la. Nouvo Akò Ekolojik la ap asire New York kontinye efò lidè nan nasyon y ap fè pou yo kapitalize sou potansyèl ekonomik ekonomi enèji pwòp la ofri yo, pandan y ap asire moun ki pi vilnerab fas a chanjman klimatik yo jwi avantaj efò ak investisman eta ap fè yo. Mwen atann pou m travay ak ajans mwen an ak patnè otorite a yo ki nan Konsèy sou Aksyon Klimatik la pou nou devlope ak reyalize solisyon enpòtan pou nou redwi degajman gaz a efè sèr ki soti nan tout sektè ekonomi nou an”.

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service), John B. Rhodes te deklare**, “Avèk Nouvo Akò Ekolojik lidè nan nasyon sa a, Gouvènè Cuomo ap mete New York sou wout anvè kouran ki konplètman pwòp, ak anvè netralite kabòn avèk objektif enèji renouvlab ki pi solid ki gen nan peyi a. Sa a pral pote jan de sistèm enèji ke New York bezwen an - ki se yon sistèm rantab, fyab, epi ki 100% pwòp”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)